

LÈT PARAN POU REFIZE YO BAY ENFÒMASYON

POU PARAN TOUT ELÈV KLAS 9YÈM RIVE 12YÈM ANE

Chè paran:

Lwa federal mande pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) mete disponib non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane pou moun k ap fè anwolman pou lame ak pou enstitisyon edikasyon siperyè lè yo mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran an oswa elèv la chwazi pou pa bay enfòmasyon sa yo lè yo fè DOE konnen **alekri** yo pa konsanti divilge enfòmasyon sa yo. Pandan nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeyi lalwa.

Si w pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa a, ou dwe ranpli fòm sa a epi voye l tounen nan lekòl pitit ou a 23 oktòb 2020 pou pi ta. Si w pa voye fòm lan tounen nan dat sa a pou pi ta epi pitit ou a nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon sou pitit ou a si yo mande nou. Sepandan, n ap raple w mwen si chwazi pa voye fòm lan tounen nan moman sa a, ou ka fè sa **nenpòt lè** pandan tan pitit ou ap pase lekòl epi lè sa a y ap respekte demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon yo. Pou paran elèv klas 9yèm ak 10yèm ane, ou ka ranpli fòm refi a davans epi konsève l.

Pou plis enfòmasyon oswa èd, tanpri gade Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation) A-825 oswa kontakte Lyezon pou anwolman nan lame (Military Recruitment Liaison) ki nan lekòl ou a.

Mèsi pou kolaborasyon w.

FÒM PARAN POU REFIZE DOE BAY ENFÒMASYON SOU PITIT YO

Tanpri ranpli fòm sa a si w pa konsanti pou yo bay enfòmasyon sou pitit ou a - non, adrès ak nimewo telefòn li ba moun k ap fè anwolman pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo.

Siyati elèv la: _____

Non elèv la: _____

Klas ofisyèl elèv la: _____ Non lekòl la: _____

Mwen mande pou yo **PA** pataje, adrès ak nimewo telefòn pitit mwen an avèk: (Tanpri make kazyè ki apwopriye a)

- Moun k ap fè rekritman militè
- Enstitisyon Edikasyon Siperyè
- Toulede moun k ap fè rekritman pou lame ak Enstitisyon Edikasyon Siperyè

Paran/Responsab : _____
Ekri non w byen klè _____ Siyitati _____

Dat _____

LÈT ELÈV POU REFIZE DOE BAY ENFÒMASYON SOU YO

POU TOUT ELÈV KLAS 9YÈM RIVE 12YÈM ANE

Chè elèv:

Lwa federal mande pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) mete disponib non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane pou moun k ap fè anwolman pou lame ak pou enstitisyon edikasyon siperyè lè yo mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran an oswa elèv la chwazi pou pa bay enfòmasyon sa yo lè yo fè DOE konnen **alekri** yo pa konsanti divilge enfòmasyon sa yo. Pandan nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeyi lalwa.

Si w pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa a, ou dwe ranpli fòm sa a epi voye l tounen nan lekòl pitit ou pa pi ta pase 23 oktòb 2020. Si w pa voye fòm lan tounen nan dat sa a epi ou se yon elèv ki nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon w yo si yo mande sa. Sepandan, konnen byen si w chwazi pa voye fòm lan tounen nan moman sa a, ou ka fè sa **nenpòt lè** pandan tan w ap pase lekòl epi lè sa a y ap respekte demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon yo. Si w se yon elèv klas 9yèm oswa 10yèm ane, ou ka ranpli fòm refi a davans epi konsève l.

Pou plis enfòmasyon oswa èd, tanpri gade Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation) A-825 oswa kontakte Lyezon pou anwolman nan lame (Military Recruitment Liaison) ki nan lekòl ou a.

Mèsi pou kolaborasyon w.

FÒM ELÈV RANPLI SOU REFI POU BAY ENFÒMASYON

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo si w pa dakò pou yo bay enfòmasyon sou - non w, adrès ou ak nimewo telefòn - ou ba moun k ap fè anwolman pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo.

Siyati elèv la: _____

Non elèv la: _____

Klas ofisyèl elèv la: _____ Non lekòl la: _____

Mwen mande pou yo **PA** bay non m, adrès mwen, ak nimewo telefòn mwen ba: (Tanpri make kazye ki apwopriye a)

- Moun k ap fè rekritman militè
- Enstitisyon Edikasyon Siperyè
- Toulede moun k ap fè rekritman pou lame ak Enstitisyon Edikasyon Siperyè

Elèv:

Ekri non w byen klè

Siyati

Dat
